ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№121 (24.091) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Егъэджакiуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ Iэнатiэм и лэжьакIуэхэу, абы и ветеранхэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

Фи Iэщiагъэм епха махуэмкIэ - Егъэджакiуэм и махуэмкIэ - сынывохъуэхъу.

Дэтхэнэ зыми къыдэхьэлIа, тпэгъунэгъу а махуэшхуэр ди къэралым щагъэлъапIэ, Iэхъуфlхэм я къару емыблэжу хуэлажьэ егъэджакIуэхэм я пщэ къыдэхуэхэм пщIэшхуэ зэрыхуащIым и щыхьэту. Егъэджакiуэ Iэщiагъэм укъыхуалъхуауэ щытын хуейщ, абы упэрытын папщIэ жэуаплныгъэшхуэ пхэмылъу, уи лэжьыгъэр уи щхьэ Iэхъум ямэ иумыгъэщу, Iэнатiэм ухуэмыпэжу хъунукъым. Фи Iэщiагъэм зэрыхэфщIыкIым куэдкIэ елъытащ балигъ гъащIэм щыхьхьэкIи ди сабийхэр зэрыхъунури, абыхэм сыт хуэдэ щIэныгъэ яIэнуми, Iущагъ яхэльнуми. Фэ ахэр хуфIащэ зэпIэзэрыгатгъэм, гумащIагъэм, щывоплыкI пэжыгъэм, гуапагъэм я щапхъэхэм, апхуэдэуи щIеблэм явот хэкур фIыуэ яIагъуным хуэгъэпса дерсхэр.

Нобэрей егъэджакIуэхэм къалэн гугъуэхэр къахуегъэув зэманым. Абыхэм япэлъэщын папщIэ егъэджакIуэм иджырей щIэныгъэфI иIэн, сытми хуэIаззу щытын хуейщ. Фэ, ди егъэджакIуэфIхэр, а къалэнхэм фапольэщ. Ар наIуэ къащIащ гъэ еджэгъуэ блэкIам и кIэм - еджапIэхэм емыкIуалIэу сабийхэм щIэныгъэ евгъэгъэтын хуей щыхъуа лъэхъэнэм - къриКIуахэм, икIи зэманым къыдэкIуэ гугъуехьхэм фаззэрыпэлъэщынури абыкIэ къэвгъэлъэгъуащ.

ФIыщIэшхуэ фхудощI фи къару фемыблэжу фызэрылажьэм папщIэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ егъэджакIуэ Iэщiагъэм и пщIэр къэлэтыным хуэунэтIауэ дэ адэкIи тхузэфIэкI къызэрыдмыгъэнэнур.

Фызэшнэзу, фынасыпыфIэу, зэIузэпэщу фыпсэуну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ яфI зыхэлъ Iэхуэхэм ехьулIэныгъэхэр щызыIэрыгъэхьэну сыныводхъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жэпуэгъуэм и 3-м лэжьыгъэ Iуэхуэкiэ Тэрч мунипальнэ щIынальэм щыIащ.

Тэрч къалэм сабий садыщIэ къыщызэIуах

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщыр хэтащ социальнэ Iэхуэщiапl эщIэ - Тэрч къалэм щыкIуи 140-м ятещIыхьа сабий сад - къыхэзгъэщызэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхьихьэм. Абы и уху эныгъэр зэрызэфIэкIам Iэмал къитащ зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмысахэм щакIэпыlплыну Iэхуэщiапlэхэмкiэ къалэдзэхэр нэсу къызэрагъэпэщынымкIэ, сабийхэр еджапIэхэм щыщIэпIысхьэкIэ ящIэн хуейуэ мардзэхэм къагъэуэхэм изагъэу а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIынымкIэ.

УхуэныгъэщIэм гупиблым щадэлжьэнущ, пщэфIапIи, медицинэ хуэIухуэщIэхэр щызэфIагъэкIыну, макъамэм, спортым я лъэныкъуэкIэ щадэлэжьэну пэшхэри хэтщ. Унэм метр зэбгъуэзэнатIэ мини 2,5-рэ еубыд, абы кьедза щIыпIэм метр зэбгъуэзнатIэ мин 83,7-рэ хухахад.

Кьыхагъэщащ илъэсым хъриубыдэу ящIыну я мурадхэм ящIыу мы зэманым ирихьэлIэу апхуэдэ Iуэхущiапlэу 10-м я ухуэныгъэхэр зэрызэфIэкIар - ахэр Налшык, Майскэ, Бахъсэн, Ислъэмей, Куба, Хьэмидей щащIа ялъэхэрщ, Тэрчрэ Налшыкрэ щащхуа сабий садэхэрщ.

Республикэм и Iэтащхьэр апхуэдэуи щыIащ щIынальэм Щэнхабзэмкiэ и унэм.

Щэнхабзэмкiэ унэм щрагъэкIуэкI Тэрч щIынальэм къыщыдах щэнхабзэ-нэгузэгъэужь дауэдапщэ нэхъ инхэр - махуэшхуэхэр, Iуэху хэхам хуэгъэпса пшыхьхэр, концертхэр, семинархэмрэ зэIущIэхэмрэ, зэхуэсхэмрэ конференцхэмрэ, сабийхэм ящIа сурэтхэр, Iэпщiэльапщiэхэм я Iэдакъэщкiхэр щагъэльагъуэ выставкэхэр, художественнэ самодеятельнэ гупхэм хэтхэм я зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ.

Мы зэманым Щэнхабзэмкiэ унэм щолажьэ уэрэдымрэ кьафэмкiэ «Терчанка» ансамблыр, клубу плIы, къафакIуэ гупжьейуэ тIурэ уэрэджыкIыкIуэ ансамблрэ.

КъБР-м и «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» къэрал программэм зэрыхагъэхьам и фIыгъэкIэ Iэхуэщiапlэм и мыльку-техникэ лъабжьэр иужьрей зэманым хэпщIыкIыу ефIэкIуащ: унащхьэм щыщ Iыхьэр, щхьэгъубжэхэр зэрахьэуэкIащ, видеокIэлъыплъынымкIэ, кино техыным хуэщIа, макъхэр зыгъэлъэщ, макъамэм зыдащIу уэздыгъэхэр зыгъэджэгу Iэмэпсымэхэр, «Терчанка» ансамблым хэтхэр утыку къызэрихьэ фащэхэр къащэхуащ, зэхуэсхэр, концертхэр щекIуэкI пэшым щIэт щэнтхэр зэрахъэкIащ.

Апхуэдэу щытми, унэр сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщщыжыпхъэщ, мыльку-техникэ лъабжьэри адэкIи егъэфIэкIуапхъэщ. Абыхэм Iэмал къатынущ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ, щIынальэм щыпсэухэм я зыгъэпсэхуГуэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ.

Республикэм и Унафэщыр къыкIэлъыкIуэу щыIащ «Терек Олимп» спорт комплексым. Ар щытщ Тэрч къалэм къыщызэрагъэпэщ зэхъэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущiапlэ нэхъыщхьэу. Илъэс къэс абы щызэхашэ цIыху куэд къызрихьэлIэ щIынальэ, республикэ, урысейпсо спорт зэхьэзэхуэ 50-м щIигъу, апхуэдэуи цIыхухэм Iэмал яIэщ дзыхьэх фитнесым, спортым зыщыхуагъэсэну, абыхэмкIэ щызэпеуэну.

«Терек Олимп» спорт комплексым и япэ Iыхьэр 2016 гъэм и накъыгъэм ятауэ щытащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьныр» къэрал программэм хыхьэу. Комплексым и етIуанэ Iыхьэм, псыгуэн зэхуэщIар зыхэтым, и уху эныгъэр къызэтеувыIауэ щытащ, абы трагъэкIуэдэн мыльку зэрамыIэм кьыхэкIыу. Мы зэманым ирихьэлIэу республикэм щыщу псы есыпIэ зимыIэр Тэрч щIынальэм и закъуэщ. А проектыр и кIэм нэгъэсыныр хуэщхьэпэнущ щIынальэм щыпсэухэу физкультурэмрэ спортымрэ дихьэххэм, абыхэм зи узынщагъэм сэкъат иIэхэри яхэту, я бжыгъэм хэгъэхъуэным.

КIуэкIуэ Казбек щIынальэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я унафэщIхэм пщэрылъ ящищIащ ухуэныгъэм и етIуанэ Iыхьэр и кIэм нэгъэсыжыным хуэгъэза проект-сметэ тхылъхэр зэрызэзырыну икIи ар щIынальэм щагъэзащIэ программэхэм ящыщ зым хагъэхьэным теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къыхалъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм а махуэ дыдэм щыгъуэза зищIащ Дей - Курп Ищхьэрэ - Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и гъунапкъэм екIуалIэ гъуэгум и щытыкIэм, «ФIагъ льагэ зиI эавтомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу иджыблагъэ зэрагъэпэщыжам. КIуэкIуэ Казбек Тэрч щIынальэм лэжьыгъэ Iуэхуэкiэ щыщыIахэм ящыщ зым къуажэхэм къапэзыкIыхь а гъуэгум пыщIа гугъуехьхэм ятеухуауэ зыкъыхуагъэзат жыIэдэсхэм.

Гъуэгу Iыхьэр километрипlI мэхъу. Мыбдежым гъуэгум щIы щытракIутэри, и лъабжьэр ягъэбыдащ, абы тIэунейрэ асфальт тралъхьащ, ибгуэхэр, зэхэкIыпIэхэр ягъэбыдащ, гъуэгу дамыгъэщ тращIащ, щагъэуващ.

Абыхэм къадэкIуэу Акъбащ кIэнауэм тельа лъэмыжыр трахри, и пIэкIэ щIэяухащ. Лъэмыжым и бгъум иIэн хуей къэухьри ягъэуващ.

Тэрч щIынальэм щыпсэухэм иджы къаIэтащ Тэрч къалэмрэ Плановскэ къуажэмрэ къапэзыкIыхь гъуэгу ухуэн зэрыхуейм теухуа Iуэхур. Республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм къалэн щищIащ абы хэплъэну икIи ар зэфIэгъэкIынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр къигъэлъэгъуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущiапl э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхуэкiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэнымкIэ и Iэнатiэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, кьытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымрэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымрэ хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэхэм папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатiэм щыIых зиI э и лэжьакIуэ»

Хапаев ТIэхьир Хъэрэшей и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ щIынальэм и «Мечиев К. Б. и цIэр зэрихьэу Безенги къуажэм дэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iэхуэщiапlэм и унафэщым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI э и егъэджакIуэ»

Къумыкъу Светланэ Iэлисхъ и пхъум - Налшык къалэ округым и «Лэгъупыкъу» гимназиер» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ Iэхуэщiапlэм и пэщIэдзэ классхэм щIэсхэм я егъэджакIуэм,

Шыгъэлыгъуэ Фиэз Башир и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ щIынальэм и «Исльэмей къуажэм дэт курыт еджапIэ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iэхуэщiапlэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№127-УГ

КIуэкIуэ Казбек хэтащ Налшык шахмат еджапIэ къызэрыщызэIуахым теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэм

Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым лъэсу къыщыпкIухь хъу и Ыхьэм хуэзэу жэпуэгъуэм и 3-м къыщызэIуахащ «Каисса» зыфIаща шахмат еджапIэр. Абы теухуа гуфIэгъуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м Шахматхэмрэ шашкэхэмкIэ и федерацэм, къэрал властым, республикэм и жыларгъуэм я лыкIуэхэр, спорт школым и гъэсакIуэхэмрэ абы щеджэхэмрэ.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыщIепсалъэм, КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ сабийхэм, къытщIэхъуэ щIэблэхэм хуащIа объект къызэIупхыныр республикэм дежкIэ сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зиI э Iуэхуу зэрыщыгъуэ: «Мы ужэн щеджэфынущ икIи я зэфIэкIкIэр къыщызыкъуахьэфынущ сабий 400-м щIигъум. Мыпхуэдэ Iуэхуфlымкiэ псоми сынывохьэхъу», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIынальэм и Унафэщым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэм, сыт щыгъуи гулъытэ хэха зыгъэутхэм ящыщу лъэпкъыр узынщэныр, унагъуэ хьугъуэфIыгъуэхэр, икIи, щэч хэмылъу, сабийхэр хьумэныр къызэрыпэжыну. «Дэ тпъэкI къэдмыгъанэу яужь дитынущ ди сабийхэм зауэжьын папщIэ зэхуэдэ Iэмалхэр яIэным. Ауэ нобэ икъуэкIэ дызыщыгуфIыкIщ мы унэ къызэрымыкIуэр, еджапIэ телъыджэр хьэрычэт Iэнатiэм эхтэжэ зэрауухар. Абы ди сабийхэм Iэмал кьарет еджэну икIи заужьыну. Сэ хьэрычэтыщIэхэм фIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди республикэм мыпхуэдэ саугъэт къызэрыхуащIам папщIэ. Мы еджапIэм дызэрыгушхуэну сабийхэр мин бжыгъэкIэрэ къыщIэкIыну си гуапэщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

ЕджапIэщIэ къызэрызэIуахым теухуа хъуэхъу тхыгъэ школым и унафэщIхэм къахуигъэхьащ совет, урысей шахматист цIэрыIуэ, политик, шахматхэмкIэ дуней псом щэнэрэ и чемпион, дунейпсо гроссмейстер Карпов Анатолий. Апхуэдэуи псалъэ гуапэхэр жаIащ КъБР-м Шахматхэмрэ шашкэхэмкIэ и федерацэм и унафэщI Щыхьмырзэ Артуррэ республикэм шахмат джэгуным хуэIэзэ и спортсменхэмрэ.

Кьыхагъэщащ шахмат джэгуным дихьэххэм я бжыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхьэр. Апхуэдэ дерсхэр сэбэн мэхъу цIыхум и акъылым зиужьынымкIэ, и гупсысэр икъуэдиифу, нэхъыбэ игу ириубыдэфу, зыхуейм лъэIэсыфу егъэсэнымкIэ. ЕджапIэщIэ къызэрызэIуахар лъабжьэфI хуэхъунущ республикэм и сабий зэчиифIэхэр къагъэзэнIэным, спортми, нэгъуэщI Iэнатiэхэми бжьыпэр щызыубыдыфыну щIалэгъуалэ щIынальэм къихъуэным.

Социальнэ Iэнатiэм тегъэпсыхьа хьэрычэтыщIэхэм я жэрдэмкIэ ящIащ цIыху 400 зэуэ екIуалIэным хуэщIа «Каисса» шахмат еджапIэр. ЩIэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтыным тегъэпсыхьа Iуэхущiапlэм хэтщ шахматхэмрэ шашкэхэмрэ зыщыхуагъэсэну пэшхэр, апхуэдэуи абыкIэ зэпеуэхэр щебгъэкIуэкI хуэну залхэри. А джэгуКIэм мыбы зыщыхуагъэсэфынущ сабийхэми балигъэмри.

Унэм апхуэдэу къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ сурэтыщI, Iэпщiэльапщiэ ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщкiхэр щыбгъэлъагъуэ хъуну пэшышхуэ, хамэ къэралыбзэхэр щызрагъэщIэну, гуманитар, нэгъуэщI щIэныгъэхэм щыхуеджэну пшэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущiапl э.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыщитам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъэным и Iуэхуэкiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыщитам, зэхъуэкIыныгъэхэр щагъэльагъуэ выставкэхэр, художественнэ самодеятельнэ гупхэм хэтхэм я зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ.

Мы зэманым Щэнхабзэмкiэ унэм щолажьэ уэрэдымрэ кьафэмкiэ «Терчанка» ансамблыр, клубу плIы, къафакIуэ гупжьейуэ тIурэ уэрэджыкIыкIуэ ансамблрэ.

КъБР-м и «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» къэрал программэм зэрыхагъэхьам и фIыгъэкIэ Iуэхущiапlэм и мыльку-техникэ лъабжьэр иужьрей зэманым хэпщIыкIыу ефIэкIуащ: унащхьэм щыщ Iыхьэр, щхьэгъубжэхэр зэрахьэуэкIащ, видеокIэлъыплъынымкIэ, кино техыным хуэщIа, макъхэр зыгъэлъэщ, макъамэм зыдащIу уэздыгъэхэр зыгъэджэгу Iэмэпсымэхэр, «Терчанка» ансамблым хэтхэр утыку къызэрихьэ фащэхэр къащэхуащ, зэхуэсхэр, концертхэр щекIуэкI пэшым щIэт щэнтхэр зэрахьэкIащ.

Апхуэдэу щытми, унэр сыткIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщщыжыпхъэщ, мыльку-техникэ лъабжьэри адэкIи егъэфIэкIуапхъэщ. Абыхэм Iэмал кьатынущ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымкIэ, щIынальэм щыпсэухэм я зыгъэпсэхуГуэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщынымкIэ.

Республикэм и Унафэщыр къыкIэлъыкIуэу щыIащ «Терек Олимп» спорт комплексым. Ар щытщ Тэрч къалэм къыщызэрагъэпэщ зэхъэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущiапlэ нэхъыщхьэу. Илъэс къэс абы щызэхашэ цIыху куэд къызрихьэлIэ щIынальэ, республикэ, урысейпсо спорт зэхьэзэхуэ 50-м щIигъу, апхуэдэуи цIыхухэм Iэмал яIэщ дзыхьэх фитнесым, спортым зыщыхуагъэсэну, абыхэмкIэ щызэпеуэну.

«Терек Олимп» спорт комплексым и япэ Iыхьэр 2016 гъэм и накъыгъэм ятауэ щытащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьныр» къэрал программэм хыхьэу. Комплексым и етIуанэ Iыхьэм, псыгуэн зэхуэщIар зыхэтым, и уху эныгъэр къызэтеувыIауэ щытащ, абы трагъэкIуэдэн мыльку зэрамыIэм кьыхэкIыу. Мы зэманым ирихьэлIэу республикэм щыщу псы есыпIэ зимыIэр Тэрч щIынальэм и закъуэщ. А проектыр и кIэм нэгъэсыныр хуэщхьэпэнущ щIынальэм щыпсэухэу физкультурэмрэ спортымрэ дихьэххэм, абыхэм зи узынщагъэм сэкъат иIэхэри яхэту, я бжыгъэм хэгъэхъуэным.

КIуэкIуэ Казбек щIынальэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я унафэщIхэм пщэрылъ ящищIащ ухуэныгъэм и етIуанэ Iыхьэр и кIэм нэгъэсыжыным хуэгъэза проект-сметэ тхылъхэр зэрызэзырыну икIи ар щIынальэм щагъэзащIэ программэхэм ящыщ зым хагъэхьэным теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къыхалъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм а махуэ дыдэм щыгъуэза зищIащ Дей - Курп Ищхьэрэ - Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и гъунапкъэм екIуалIэ гъуэгум и щытыкIэм, «ФIагъ льагэ зиI э автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу иджыблагъэ зэрагъэпэщыжам. КIуэкIуэ Казбек Тэрч щIынальэм лэжьыгъэ Iуэхуэкiэ щыщыIахэм ящыщ зым къуажэхэм къапэзыкIыхь а гъуэгум пыщIа гугъуехьхэм ятеухуауэ зыкъыхуагъэзат жыIэдэсхэм.

Гъуэгу Iыхьэр километрипlI мэхъу. Мыбдежым гъуэгум щIы щытракIутэри, и лъабжьэр ягъэбыдащ, абы тIэунейрэ асфальт тралъхьащ, ибгуэхэр, зэхэкIыпIэхэр ягъэбыдащ, гъуэгу дамыгъэщ тращIащ, щагъэуващ.

Абыхэм къадэкIуэу Акъбащ кIэнауэм тельа лъэмыжыр трахри, и пIэкIэ щIэяухащ. Лъэмыжым и бгъум иIэн хуей къэухьри ягъэуващ.

Тэрч щIынальэм щыпсэухэм иджы къаIэтащ Тэрч къалэмрэ Плановскэ къуажэмрэ къапэзыкIыхь гъуэгу ухуэн зэрыхуейм теухуа Iуэхур. Республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм къалэн щищIащ абы хэплъэну икIи ар зэфIэгъэкIынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр къигъэлъэгъуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущiапl э.

● Хъыбар гуапэ

● «Бжьыхьэ дыщафэ-2020»

Хабзэ зэрыхъуауэ

Жэпуэгъуэм и 7-м къыщыщIэдзауэ махуищкIэ Москва щекIуэкIынущ ди къэралым и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и продукцэм цIыхухэр щыгъуазэ щыхуащI, «Бжьыхьэ дыщафэ-2020» зыфIаща 22-нэ урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэр.

УФ-м и Правительствэм 2000 гъэм и мэлыжьыхьым къыдигъэкIа Унафэм икIи иткIэ, «Бжьыхьэ дыщафэ» зыфIащу кьрахьэжьа Iуэхур Мэкъумэш хозяйствэмрэ гъавэм елэжь промышленностымрэ я махуэр гъэлъапIэным ехьэлIа зэхьихьэм я нэхъыщхьэу кьалъытэ.

Мы гъэм ар зэхашэ «гъунэгъу» щIыкIэуи онлайнформатым тетуи. Иужьрейм и фIыгъэкIэ, абы къыщекIуэкI зэпсэльэныгъэхэми, щагъэльагъуэ продукцэр зыхуэдэми щыгъуазэ захуэзыщIыфынухэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэу щытынущ.

«Золотаюсень2020.рф»- фIыщIэр иIэу къызэрагъэпэща интернет-платформэр къэзыгъэсэбэпхэм абдежым щызрагъэщIэфынущ ди къэралым и щIналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу зи продукцэр а гъэлъагъуэныгъэм «езышэлIахэм» я мэкъумэш-промышленнэ комплексхэм я зэфIэкIыр здынэсари, унэтIныгъэм къыщрахьэжьа техникэ IэмэпсымэщIэхэр зыхуэдэри.

КъыщынэмыщIауэ, «Бжьыхьэ дыщафэ-2020» урысейпсо утыкум хэтыну зезыгъэтха Iэщiагъэлiхэм абдежым къыщаIуэтэфынущ ди къэралым и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и зыужьыкIэм хуэгъэзауэ къыхалъхьэну я мурад я Iуэху еплъыкIэ-бгъэдыхьэкIэщIэ хуэдэхэри.

ДэщIыгъуэжьпхъэщ, ди республикэм и мэкъумэш предприятхэм ящыщу нэхъ пэрытхэм я лыкIуэхэри зи гугъу тщIы зэхьихьэм зэрыхэтынури, я продукцэр зэрыщагъэльэгъуэнури.

Гъэльэгъуэныгъэм, хабзэ зэрыхъуауэ, мэкъумэш хозяйствэмрэ гъавэм елэжь промышленностымрэ я Iэнатiэхэм къыщыхэжаныкIа Iэщiагъэлiхэр щагъэльэпIэнущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!

2020 гъэм фокIадэм и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIыхухэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэзыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Iэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм дежь) щывэттыжыну къалэн зыщыдощIыж.

КъыдэкIыгъуэхэм Iэ тедзэным теухуа фи упщIэхэм жэуап къратыжынущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхуоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кIэпIейкIэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Бюджет щIыхуэм топсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху орган нэхъыщ1ыр и Президиумым хэтхэм я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Депутатхэр хэплъащ1 федеральнэ, республикэ закон куэдым я проектхэм, Iуэхущ1апIэм зэрызыкъыхуагъэзэхэмрэ хабзэубзыку зэрэдэмхэмрэ.

ПАРЛАМЕНТым Бюджетымкl э, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI Афэщ1агъуэ Михаил зэIущIэм хэтхэм я пащ1хь ф1ыкIыр ди лъэхэм бюджет кредит кIыззэрыхуаугъ1ыпщ1ым теухуауэ зэрызэдэлажь3 зэгурыIуэныгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьар. Ар кIыхьэхкIар УФ-м и бюджетым щ1ыщ щ1ыналъэхэм ират щ1ыхуэр зэраутIыпщ мардэхэр зэрызэрагъ3эзэхуэжарщ.

- ЗэгурыIуэныгъэм дыщ1агъэжар зытеухуар 2020 гъэм щIыхуэр ямытыжми зэрыхъунурщ, 2021 - 2024 гъэхэм - илъэс къэс щIыхуэм и процентI 5-р япшынкIи, 2025 - 2029 гъэхэм щIыхуэу кIатенам илъэс къэс зэхуэдэу хагъэщIын хуейщ, нэхъ пасэу япшынкIи хъунущ. УФ-м и Правительствэм и Унафэкl э, зэгурыIуэныгъэхэм дыщ1агъужахэр мазих нэхъ дэмыкIыу щ1ыналъэ законкIэ щ1агъэбыдэж.

Парламентархэр хэплъащ1 промышленнэ политикэм, мэкъумэш кооперацэм, гъуэгу Iуэхум я теуухуа федеральнэ законхэм я проектхэм, УФ-м и хэгъэгу зэмыл1эужыгъуэхэм щIыIэ я лэжьэгъуэхэм кьыхалъхьа жэрдэмхэм.

Депутатхэм унафэ ящ1ащ Суд приставхэм я федеральнэ Iэнатlэм и управленэу КъБР-м щIыIэм, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэдзэхэмкl э и къэрал институтым я лэжьакIуэ зыбжанэ, Егъэджакlуэм и махуэм ирихьэлIэу, школхэм щ1ылажь3 егъэджакIуэхэм ящ1ущхэр КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхьылъкIэ ягъэпэжвнч.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Урысейпсо щIэныгъэ зэIущIэ

Шурдым Гъэзалий ящ1ыгъупщ1эркъым

Ди республикэм и къалащхь Налшык мы махуэхэм щекIуэкIащ «Электролит гъэткIуэхэмрэ щ1ыгъуэ ящ1ыгъэкIащ. Депутатхэр хэплъащ1 федеральнэ, республикэ закон куэдым я проектхэм, Iуэхущ1апIэм зэрызыкъыхуагъэзэхэмрэ хабзэубзыку зэрэдэмхэмрэ.

ЩIэНЫГЪЭ зэхуэсыр кIыззэзыгъэщ1агр Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыращ, РАН-м Уралым щIиэ хъудамэм Электрохимиемкl э и институтымрэ Ельцин Борис и цIэр зезыхьэ Урал федеральнэ университетымрэ и гъусэу. Конференцым псори зэхэту кьрихьэлIащ щIэныгъэлI 312-рэ. Ахэр я лIыкIуэт ди къэралым химие, электрохимие унэтIныгъэхэм щелэжь щIыIэ щIэныгъэ центрхэм, щIэныгъэкъэухтакIэ институтхэм, ед1анlэ нэхъыщхьэхэм, лэжьанlэ Iэнатlэхэм. Апхуэдэуи конференцым и лажьыгъэм хэтащ Инджылызым (University of Birmingham), США-м (Теннеси университет), Франджым (Ecole Nationale Superieure d Ingenieurs de Kaen), Китайм (Guangxi University), Кореем (Korea Atomic Energy Research Institute; University of Science and Technology), Алыджым (University of Thessaly), Польшэм (Jerzy Haber Institute of Catalysis and Surface Chemistry, Polish Academy of Sciences; Research and Development Center of Technology for Industry), Индием, Азербайджаным, Белоруссием, Къэзахъстаным кIыкIа химик цIэрыIуэхэр.

Конференцым кьрихьэлIахэм ф1ыщIэ яхуищ1ащ ди университетым и ректор Альтуд Юрэ. АдэкIэ кIыззэхуэсахэм я пащ1хь Шурдым Гъэзалий и гъащIэмрэ и лажьэгъэмрэ ятеухуа доклад купщ1афIэ щ1ыIуащ. Абы зэрыщ1ыжаIамкIэ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа еджагъэшхуэт Шурдым Гъэзалий. Аращ физическэ химие унэтIныгъэмкIэ адыгэхэм ящ1ыщу ятеухуа щIэныгъэхэм я доктор цIэр зыф1ащ1ауэ щ1ытар. КъБКъУ-р кIыщ1эзрагъэпэща илъэсым, 1957 гъэм, кIыщ1ыщ1адзауэ ди къэрал институтым, ед1анlэ нэхъыкIыу Шурдым щ1ылэжьащ1 а еджанlэ нэхъыщхьэм, лэжьанlэ Iэнатlэхэм. Апхуэдэуи конференцым и лажьыгъэм хэтащ Инджылызым (University of Birmingham), США-м (Теннеси университет), Франджым (Ecole Nationale Superieure d Ingenieurs de Kaen), Китайм (Guangxi University), Кореем (Korea Atomic Energy Research Institute; University of Science and Technology), Алыджым (University of Thessaly), Польшэм (Jerzy Haber Institute of Catalysis and Surface Chemistry, Polish Academy of Sciences; Research and Development Center of Technology for Industry), Индием, Азербайджаным, Белоруссием, Къэзахъстаным кIыкIа химик цIэрыIуэхэр.

Конференцым кьрихьэлIахэм ф1ыщIэ яхуищ1ащ ди университетым и ректор Юрэ. АдэкIэ кIыззэхуэсахэм я пащ1хь Шурдым Гъэзалий и гъащIэмрэ и лажьэгъэмрэ ятеухуа доклад купщ1афIэ щ1ыIуащ. Абы зэрыщ1ыжаIамкIэ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа еджагъэшхуэт Шурдым Гъэзалий. Аращ физическэ химие унэтIныгъэмкIэ адыгэхэм ящ1ыщу ятеухуа щIэныгъэхэм я доктор цIэр зыф1ащ1ауэ щ1ытар. КъБКъУ-р кIыщ1эзрагъэпэща илъэсым, 1957 гъэм, кIыщ1ыщ1адзауэ ди къэрал институтым, ед1анlэ нэхъыкIыу Шурдым щ1ылэжьащ1 а еджанlэ нэхъыщхьэхэм, лэжьанlэ Iэнатlэхэм. Апхуэдэуи конференцым и лажьыгъэм хэтащ Инджылызым (University of Birmingham), США-м (Теннеси университет), Франджым (Ecole Nationale Superieure d Ingenieurs de Kaen), Китайм (Guangxi University), Кореем (Korea Atomic Energy Research Institute; University of Science and Technology), Алыджым (University of Thessaly), Польшэм (Jerzy Haber Institute of Catalysis and Surface Chemistry, Polish Academy of Sciences; Research and Development Center of Technology for Industry), Индием, Азербайджаным, Белоруссием, Къэзахъстаным кIыкIа химик цIэрыIуэхэр.

Конференцым кьрихьэлIахэм ф1ыщIэ яхуищ1ащ ди университетым и ректор Юрэ. АдэкIэ кIыззэхуэсахэм я пащ1хь Шурдым Гъэзалий и гъащIэмрэ и лажьэгъэмрэ ятеухуа доклад купщ1афIэ щ1ыIуащ. Абы зэрыщ1ыжаIамкIэ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа еджагъэшхуэт Шурдым Гъэзалий. Аращ

ХамэщIым щыдыгъэ, хэкужьым щывагъуэ

... **Цыхухэм хуитныныгъэ щагъуэтым деж зэхуэдэ мэхъу. Зэхуэдэ-хэр зэкъуэшщ. Динри пэлъэкъыщIэри мэкIуэдык. Псори щыхэхуитщ! Псори зэхуэдэщ! АтIэ, кьызжефIэт: лъэпкъ, дин зэхэгъэж пщы хъурэ абы иужькIэ? Фи бзэ зэтемыхуэмэ, эсперанто зэвгъащIэ. Фызэгухьэ. ФIыуэ фызэрыпльагъу. Сэ сIэта «лъэпкъымрэ динымрэ я зэхуэдэныгъэ» бэракъым къыщIэмыувэр хэт щыщми, гущIэгъуншэщ икIи ябгэщ! Дэ псоми ди лъэпкъри ди динри зыщ - ар Щы хъурейм цIыхуу тетырщ... IуэтI, къуэшхэ, Iэплъэ зэхуэфщIыт! Диныр, лъэпкъыгъэр хьэкIэжъуэкIэзэмрэ цIыхулышхэмрэ къахуэфынэ...**

Ефрэз-бей кIыхь зригъэщIыуат. Дауэ мыхъуми, абы нэчыхь, унагъуэ, лъэпкъ-къупщхь зыхуаIэхэр гъэкIуэдыжьыхьи хуей хабзэжьхэм зэращыщыр мобыхэм апхуэдизкIэ я фIэщ ищIати, истамбылдэхэм - алыджхэм, хьэрыпхэм, арнаутхэм, журтхэм, хьэмшэрийхэм, булгъэрхэм, ермэлыхэм - Iэплъэ зэхуащIу, зыхэрадзащ... Ба мин бжьгъэм я макъым дунейр игъэздэжьдэт.

Ефрэз-бей кьурибжэкIар зи фIэщ мыхъуар, зи гум дэмыхьар адыгэхэм я закъуэт. Абыхэм я щхьэ хуагъэфэщакъым алыджхэм, булгъэрхэм, журтхэм, кьинэмыщIэхэм яIурыбзеен. Ефрэз-бей зыхуагъэзащ, дыжьын къамэ Iэпщэр якъуэгуэ:

- Уэлэхьи, зи лъэпкъ зымыдэжьар щыджаным нэхърэ нэхъ Iейм! - жаIэри, адыгэхэм Топхэанэ хьэблэ дэт шей ефапIэмкIэ нуэнтIащ.

Шей ефапIэм здэкIуэм, абыхэм Кавказым къыщана хабзэ-бзыпхъэм, лIыгъэм я гугъу ящIыт, хэкужь шагъдий жэрхэр, уанэхэр, щIакIуэхэр, дыжьын къамэхэр ягу къагъэкIыжьыт...

ПОВЕСТЫМ щыщ мы пычыгъуэм зи гугъу ищI адыгэхэм жьIэкIуэдыр зэращIэкIрэ куэд щIатэкIым, хэкуькIутэм хьаридза уIэгъэри мыкIыжауэ иджыри ятелът. Захъумэжьын, нэгъуэщI лъэпкъхэм лъэгуцIэт зыхуамыщIын щхьэкIэ зауэм и мафIэ лиГьеим илъэсищэм нэблагъэкIэ зэрыхэтари ящыгъупщэжатэкIыым. Ефрэз-бей цIыхуу къызыхуридзэ псор адыгэхэм щIамыдэм тхыгъэр зи Iэдакъэ хуащIыжьыр щымыгъуэзэнырэ, а гурыгъуэр зыхимыщIэнкI Iэмал зимыIэт. Езыр апхуэдэ унагъуэт къызыкэкIар. Тынышгъуэ щIагъуэ яIакъым адыгэхэм Хэкур ябгына нэхъ, ауэ лIэщIыгъуэхэм я зэблэкIыгъуэм ирихьэлIэу Тыркум щекIуэкIа зэхъуэжьIныгъэшхуэхэр зэращIэхьэ мывэр сфIыуэ кьагурыIуат: абы узэхихьэжынут, арымырмэ абыкIэ ухьэжи хуейуэ арат. Зы пычыгъуэ гуэр умыуфыдыбнкIэ Iэмал имыIэу лъэхъэнэ бзаджэт цIыхур зыхэпсэукIыр. Мис апхуэдэ гъуэгу зэхэкIыпIэм адыгэр нэсауэ зэныкъэкъым, зэгурымыIуэм иплъытIыт.

Куэд кIымыгъэщIами, адыгэхэм псэуIпIэ яхуэхуэ щIыналъэм къыщIыхуэ-къыщекIуэкIэхэм хуэнабдзэгубзапIэ тхакIуэ щIалэм къыгурыIуэрт абыхэм зэрызащIымыдзеифынур, зэрызащымыгъэпщкIуфынур. Абы и щхьэм зэи икIакъым егъэзыпIэ яхуэхуэ щIыщIыпIэм и къэкIуэнур зыхуэдэ хьунум, а пщэдейрей махуэхэм езыр зыщIыщ лъэпкъыр зэрыхуэзэну щIыкIэми емыгупсысу щIагъуэ дихакъым. Дунеищ1э къуэнэхуэм и лъэныкъуэр иубыдащ щIалэщIэм. ЗыщIэнкIэ псэукIэжьым зыкъызэрыхэпIэтыкI хуну щIыкIэхэми яripx хуэапсэ инхэрщ абы и гупсысхэм мылэжьжьыкI фащщ щIызыпIэгъари. Иджырей тырку литературэм и классик, новеллэ жанрым и лъабжьэр зэрыгъэтIылъа **Хьэткъуэ Умар (Omer Seyfettin)** и лъэхъэнэм къагурыIуаэу, зэуэ яIпхуэтэу литературэ тахьтэм ирагъэтIысхьауэ пхужьIэнукъым. Иужьрей ильэсохращ абы и пщIэр яIэту, илэжьамрэ игъэхъамрэ зэрагъэзэхуэу щыхуежьар...

Псалъэ тельэщIахэр зи жагъуэ, къытхэкI Iыхьэ зыщцыхьыдзей Хьэткъуэр щIэм и лъыхъуакIуат. Ар хуейт цIыхур зэрыщIту зы кьупхъэм изыгъэкI, динкIи, бзэкIи, щэнхабзэкIи псори зэдыщIэкIыу уэсэмну щытыхьи хуейуэ къэзыIутэ политикэ мыхъумыщIэр кIуэдыну, щIэхъуэпсыр хэгъэгур зей тырку лъэпкъым зыкъыщIэткIэ, абы и лъэпкъ цIыкIуэмм зыдаужьыну. Хьэткъуэм и зы публицистикэ тхыгъэ гуэрым ущрохьалIэ мыпхуэдэ гупсысэм: «ДэшхуипщIыр кхъужьийрэ мыIэрысибгъукIэ зэрыпхуэмыгъэбзэгъуэнум ещхьу, лъэпкъ зырыз кьыхэкIаэхэри зы лъэпкъ пхуэщIынукъым». Ка-ралыгъуэщIэ зыиухэзэм Хьэткъуэр гъунэгъу яхуэзыщIар а гупсысэрамэ, Уэсэмэн пащтыхьыгъуэм зэрихьа политикэм нэхърэ «тыркущIэхэр» зи ужь ихьар нэхъ бзаджэжу къыщIэкIащ - Адриатикэм щегъэжьауэ Чыным нэсхьункIэ тырку лъэпкъыу исыр зэгухьэу Туран къэралгъэуэшхэр зэгъэпэщIынырщ, псорэ тырку лъэтэныращ. Ар къыщIигрыIуар хуэныкъуэ Хьэткъуэм, ауэ ирегъэкIуэкIа лэжьыгъэмрэ а лъэхъэнэм и кIуэцIкIэ итха тхыгъэхэмрэ пантюркизмым идз жьауэм езыми зыпыIуидзыжьфакъым, иужькIи къахущIэшыжакъым.

Хьэткъуэ Умар 1884 гъэм гъатхэпэм и 13-м Тырким, Балыкесир щIыналъэм хыхьэ Гёнен къалэ щIыкIым, къыщалъхуащ, къыщыхъуарри зи Хэкур егъэзыгъэкIэ зрагъэбгIына абазэжь унагъуэщ. Умар и адэ Щокъуий, и лъэпкъэгъу куэдым хуэдэу, дзэм хэтащ, хэлъат зэриIэр, зэрыцIыхуу пэжыр къалIытэри, «юзбашы»-кIэ зэджа дзэпакIэм и Iэтащхьэ ящIауэ щытащ. И анэ ФатIимэт унэгуащэт. Ар лъэпкъкIэ убыхт, Щхьэпплъыхэ япхуэт. Адыгэхэм я тхыдэм, я кIэкIуэкIам теухуауэ тхыть купщафIэ зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа Щхьэплъы Хьусен Тосун Умар и анэ дэлъхуэм и къуэщ. Щокъуийрэ ФатIимэтрэ быниплI эдгъэгъэтат - щIалитIрэ хъыджжбзитIрэ. Балигъыпlэ иувар зы щIалэмрэ зы хъыджжбзымрэщ. IуэрыIуатэжьхэм я фIыпlэм щIигъэдIуу Умар анэшхуэу щхьэщытащ, адыгэ хабзэм и щхьэхэм щагъэгъуэззу дэгъыззхэр иГаш. Сыт хуэдэ политикэ еплъыкIэ имыIами, къызэрыхъуха унагъуэм щIыпlэгъуэ адыгагъэр ирикъунт Умар лъэпкъыр Iэщlыб иримыгъэщlыну, абы хуиIэ пыщlэныгъэхэр примыгъэчыну.

Хьэткъуэм Гёнен дэт пэщIдзэ еджапIэр къыуха ноужь, Щокъуий къулыкъу щIидзэ Истамбыл зэрыкIэлъыгъуэу Iэпхъуащ. Курыт щIэныгъэр щIызэрагъэуэтыну абдеж щIыз еджапIэм щIэтIысхьа щхьэкIэ, и къуэр дзэ къулыкъущIэ хъуну щIэхъуэпс адэм Умар Iэюбей хьэблэм дэт дзэ-ветеринар еджапIэм щIегъэтIысхьэ. Абдеж илъэсхиIпI щрегъаджэри, Хьэткъуэр дзэ къулыкъущIэхэр щагъэхьощIу Эдирнэ дэт еджапIэм егъэкIуэ. Мыбдеж къыхэгъэщIын хуейщ Умар тхэн щригъэжьар Эдирнэ щыщIыа илъэсхэр ару зэрыщIытыр. Абы и Iэдакъэщ1экI усэхэр «Mecmua-i Edebiye» журналым щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт. Ящэу итха рассказри «Пщэдджыжь» зи цIэ журнал цIэрыIуэм къытриригъэдзауэ щытащ.

ЕрджанIэр къуэкIу Истамбыл къигъэзэжа нэужь, Хьэткъуэм «Mekteb-i Harbiye-i ah ne» еджапIэри кьеух. Лейтенантуэ къыщIэкIа щIалэщIэр къулыкъу щиущIну Иэмир щыр къалэ яГьалIэ. Абдеж илъэситі хуэдизэ щрехьэкIри, Хьэткъуэр лейтенант нэхъыжь хьуауэ Тесалоник къалэм нуэтI, Тырким и ещанэ дзэм и лъэсыкIэм ирагъэблагъэ. Ар ильэс щыщ ящIыну ящIэну. Абы иужькIэ къэрал гъунапкъэхэр зыхьумэ дзэм и ротэм и Iэтащхьэ щIалэщIэр Македониэ щIыналъэм илъэситIкIэ щыIащ.

Македониеращ, жаIэ мыхъуу, и нэгу нахуэу Хьэткъуэм щыщIэкIпар Уэсмэн пащтыхьыгъуэм щIипсэу лъэпкъэжьым зыщIигъуэжьыну зыхуэдэр, абы щыгъэщI, къыщIигрыIуар абыхэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэр бзэр, щэнхабзэр, лъэпкъыщыщкIэ хьумэныкI хуэунэтIауэ зэрыщытыр. Пащтыхьыгъуэм гущыкI хуэзэщIу щIэзэдзэ щIалэм и абы дзэм зэрихэмытыжьыфынури кьыгурыIуащ. И нэгу щIэкI псом кьарит гузэхэщIэр зыхуэмыщIэху, пэжу кьиплъэтр зыкъыщIэтэнкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ иувэ щIалэр ныкъыкъуэм и псалъэжьIэ икIуэтык зыхэкIыр етри, дзэм къыхокIыж.

Тесалоник къалэр псэупIэ зыщI щIалэм абдеж тхэным нэхъ кууэ зрет. Хьэткъуэм и тхыгъэхэр журнал зэмылIэужьыгъэхэм къытехуэу хуожьэ. Щыхьэрабгъу пэлъэкъ ямыщIэу уэсэмныгъэр лъагэу зыIэтхэм Умар и тхыгъэхэр яхущIэджэрт, и лIыхъужьхэм яIурилъхэр ауанащI бзэрр хьэдзэхэным хуэдэу пхъуэрт. Абы гу лъамытэу кьэнакъым «тыркущIэхэм» я пашэхэми. Пантюркизмыр гупсысэкIэ зыуэзда Зия Гёкальпр Ёнтем Алий Джанибрэ нэIуасэ Хьэткъуэм зыкъыхуащI, куэд дэмыкIыуи зэдэлажьэуи ирагъажьэ, мащIи яГъэхъакъым. Хьэткъуэ Умар «тырку националист»-цIэр къыщыкIэрыпщIэуэ щытар абы щыгъуэщ.

Дзэм кьыззэрыхэкIыжрэ илъэсым зэрыдэхэ щымыIэу, 1912 гъэм Хьэткъуэр щIэрыщIэу дзэм ирадджэж - Балканым зауэр къыщыхъеяуэ дунейр щыкъутэжыт. Тыркудзэр зэрызэтракъутари гъэрыпIэри и нэгу щIэкIауэ, ар Истамбыл 1915 гъэм щокIуэж, дзэм зэи тримыгъэззжьну гугъэ быдэ ищIауэ. Тырку щыхьэрым дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зыми литературэр зы ильэс хуэдэкIэ щригъэджауэ, Хьэткъуэр ирагъэблагъэ «Тырку псалъэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу. Тыркубзэр зэщIэзыбла хамэбзэм кьыIэщIэхьыным, тыкъбзэри цIыкIубзэр зэрыпсалъэ бзэм пэгъунэгъу щыным екъэпIауэ пэжжьыгъэщхэу иригъэкIуэкIащ Хьэткъуэм. Ар хьболъагъуэ и Iэдакъэщ1экIэр зэрытха бзэм и къабзагъэмэ.

Ялъ дунейпсо зауэм иужькIэщ тхакIуэм хьэкъ щыщщхьэуар пантюркизмым кIуэцIыпIэ мыгъуагъэ псор зыхуэдэр, абы лъэпкъ цIыкIуэм я хуитныныгъэ гуэри кьридзэу зэрыщымытыр. Лъапэнэжу къэзыпIыхъуэм хуэдэу, псэ махэм иргу зэщыуар иджыри гугъапIэ гуэрхэм зыкIэрищIэну хэтми, пантюркизмым и жьлэр къыхэкIыу хуежьаГъэххэт... Пэж хуэныкъуэ, захуагъэ къэзылъыхъуэ щIалэр арыихэуи и закъуэ хуъауэ, псэкIи, щхьэкIи...

Хьэткъуэм унагъуэ щыщIар 1915 гъэрщ. Щхьэгъусэ хуэхъуар «Зэкъэтыныгъэрэ зыуэзщIыныгъэрэ» зыфIаща комитетым и тхьэмадзэкэм ящыщ зым - Бесим Iэдыхьэм бей ипхъу Джалибэт. Гуэрыдзэ гъащIэм хуэзэщIа щIалэм кьиплъыхъуэрт хуабагъ, Iэфlагъ, зэхэщIыкI... АрщхьэкIа, илъэсищ нэхъ дэмыкIыну, зэщIъэгъуэтIыр зэбгъэдэкIыжащ. Нэчыхьыр щIэкIытэжкам и щхьэусыгъуэщ адыгэкIэ гуэз-лыуэ зэриIэр си фIэщ хьуну, абыхэм яфI зыхэлъыр кьилъыхьуэу дунейм зэрытетар гъэкIэмыкIыжьын хьэкъыу кьэсщтэну.

Хьэткъуэ Умар нобэкIэ тырку литературэм и дыгъэу ябж. Тырку лъэпкъ гупсысэкIэм зригъэузэщIащ, тыркубзэм зригъэгъэкъэбзащ, зэрызэщIу жьпIэмэ, фIыщIэ мыухъэ щIыхуащIынэ бгъэдэпIащ. И тхыгъэхэр зэгъэуIуаэу зэм бжьгъэкIэ къыдагъэкIыж, тхьилъ щхьэхуэуи щIэх-щIэхыурэ дунейм кьытохьэ. Игъуэ хуъащ тхакIуэшхуэм адыгэхэм я гупэр хуагъэззэжыну, и вагъуэ нэпсри зытрагъэпсэну. Кьилэжащ ар абы и гущIэдэжкI мыкIуэдыжьымкIэ....

Бгынэжа унэ

«Бгынэжа унэр хъункъым увыIэпIэ!» - Си гуэзыгугъэлагъуэр ткIийуэ къыхуоплъэкI.

Зэгуэр мы абгъуэр щытыгъат псэупIэу

Иджы пабжьалъэр шыпхъэ иретыкI.

СимыIэж жьэгум узу сиубыдащи,

«Ар сыткIэ къэзлэжьат? - сызоупщIыж, - ДэнкIэ сунэтIми, гуаугъэ щыетащи»...

«Ухъэтым ухуокIуэ!» - жэуап къызетыжь.

«Ар гъащIэм пхрыкI псоми я лъэс лъагъуэщ!» - Iуущащэу сщхьэщолъэт жьынду абрагъуэ.

Зэзыдзэкlар

КЪАРМЭ Iэсиятщ.

● Адыгэ щэджащэхэр

Лъэпкъ щIэжым и джэ макъ

ЛIыужьыр бжьиблкIэ мауэ, жеIэ адыгэ псалъэжьым. Гувэми щIэхми, цIыхур и блэкIам щыхуеплъэкIыж, и лъабжьэхэр кьыщитIэщIыж, къызыхэкIар къыщилъыхъуэж зы къызыпхъыкI зэгъащIэм къыхоуэ. Мылъкутегъуэтэ ищIын щхьэкIэкъым, атIэ зыщыщыр, зи хэтыр къыщIэн, зыхэпсэукI дунеймэ нэхъыфIу къыщыщIыхуэ щхьэкIэщ и къуэпсхэр къыщIилъхьуэж зы къызыпхъыкI зэгъащIэм къыхоуэ. Апхуэдэ Iуэхур пщэрылъ зыщыщымыщIыжа, абыкIэ зэмыупщIыжа щIагъуэ тхакIуэхэм къахэкIа-гъэнкъым. Ар икIи гурыIуэгъуэ хуэдэщ. ТхакIуэр зытепсэльыхьыр, зи гугъу ищIыр, зи щхьэфэ иIбзэр гупсысэ пыухыкIам и щIыхьэм фIыщIэ мыхъуу щIапIыкIам, дуней лъагъуэкIэ гуэрым и щапхъэм ирегъэзагъэ, зыдищIэжми къыфIэмыIуэхуми, лъэпкъ нэщэнэ пыухыкIахэмкIэ еуэзд. Кьаплъэ нэхърэ кьиплъ, жьыуаIэм ещхьу, тхыльеджэр щыщIэупщIэ куэдрэ къыхокI, псалъэм папщIэ, тырку дунейм къыхэхукIамэ, абы и литературэм щIапIыкIамэ, дунейм тхакIуэм адыгэ нэщэнэхэр къыздрихьр, адыгэ IуэрыIуатэмI и уней пкъыгъуэхэр щызэригъэкъуэр, адыгэ хабзэм и курыхьым щыгъуазэ зыщыхуищIыр, жиIэу. Бэчыжь Лейлэ щэрыуэу зэрыжиIащи, лъэпкъ щIэжым и джэ макъ къыпхъыIукIращ, езы тхакIуэр щтэIущтаблэ щищIыж къыхэкIыу, апхуэдэ «хъуаскIэхэр» къызэпхезыгъэдзыр.

**ЩIэныгъэлэжьым зи гугъу ищIа джэ макъыр къызыпхъыIукI тхакIуэхэр щымащIэкъым тырку щIыналъэм, абыхэм адыгэу залъытэжми, къызэпсIэ адыгэм екIуэлIэжу щытми. Зыщыщыр зыдэзыщIэжыр ууейщи, и Iуэхур щхьэхуащ, ауэ «тхыдэм игъэтущауэ» зыкъэзыпхъыхъэжхэр гъэщIэгъуэн мэхъу. Апхуэдэу «и щхьэ и лъыхъуакIуэу хэтхэм» яхэплъэту хъунущ 2005 гъэм зэрыдунейуэ къигъэдаIуэу Тырким щыкIыхьэ бырсырыр къызыпIуэкIа тхакIуэр. «Das Magazin» зи фIэщыгъэ швейцар журнал цIэрыIуэм и упщIэхэм жэуап здритыжьым, абы нэхъапэкIэ нахуэу жаIэну зытемыгушхуэ псалъэ къыжьэдэкIыгъащ: «Тырким курду мин щэщIым мынэхъ мащIэ, ермэлыуэ мелуаным нэблагъэ щауКIащ. АрщхьэкIэ апхуэдэ хьугъэ-щIагъэр Анадолэм зэрыщыIам сэр фIэкIа тепсэльыхь щыIэкъым, адрейхэм е заущэху, е ар яущэху», - жиIэри. Зэрыдунейуэ игъэздэжьджу апхуэдэ а жьыбгъуэ щыщIыкIыр, ещхьэ тхакIуэр щтэIущ

Шагъдийм и тхыдэ

Шыр Алыхъталэм цIыхум япэ къигъэщIри, тыгъэ къыхуищIащ, ар дунеягъэкIэ зыхуей псоми нэхъ нэгъэсауэ лъэIэсын, и пщIэр иIэтын, и гъащIэмрэ и напэмрэ ихъумэжын папщIэ.

ДЭТХЭНЭ зы лъэпкъыми и щхьэр гъыбзэу щIилэт хъугъуэфIыгъуэ гуэр бгъэдэлъщ. Адыгэхэм я дежкIэ ар - адыгэшыдэ. Дунейм псор кьаштэмэ, лъэпкъ зыбжанэщ щыIэр езым и цIэр шы лъэпкъым иритыфауэ. Иужьрей зэманым къэбардей шы лъэпкъым хуащI гулъытэм фIыуэ щыхэхъуащ эхъуми Европэ псоми. Ар къызыфIэIуэхур шым елэжьынхр зи Iэщlагъэхэм я деж щиухьркъым - цIыку псори дехьах. Уеблэмэ, Iэщ гъэхъунми мэжьымэщ лэжьыгъэхэми фIыуэ пэжьыжьэхэри щалэгъуалэри щIэх-щIэхьыурэ щIоупщIэ адыгэшым и блэкIамрэ и нобэмрэ.

Ди шы лъэпкъыр къызэрихъуам, дунейм тетыху ар цIыхум къызэригъэщхьапэм, абы адрей шы лъэпкъхэм емыщхьу хэлъ хьэлхэм нэсу тепсэлыхьащ тхыдэтхэри, тхакIуэхэри, щыхъэ-IэщlагъэлIэхэри, сэри сахэту. Ипполог щэрыIуэхэу Красников Андрей, Бобылёв Игорь, Парфёнов Вадим сымэ, нэгъэщIэкуэдми я лжьыгъэхэм кьыхощ ди шы лъэпкъым и лъапIагъыр.

Маршал Будённый Семён и унафэм щIэту ятха «Шым теухуа тхылъым» (ИсторIэ щIыпIэ Iэщlагъэ хъуа нэужь, лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ лъэпкъ эмылIэужьыгуэхэм яшхэр кьагъэщхьэпэурэ кьиргъэхъащ адыгэм и шыр: губгъуэм щагъэхъу шы лъэпкъхэм, хьэрпышым, карабах, кьэжэр, тыркумэн, нэгъуей лъэпкъэм эзрахуэ шыхэм ялъ кьыхэлъэдащ. Кавказ псом щыщIэрыIуэт адыгэш зыгъэхъу Куэцэхэ, Кьудащхэ, Щолэхьуэх, Трамхэ, Лафыщхэ, Абыкьуэх, Тамбийхэ, нэгъуэщIэхэри.

Зи тхыдэр лIэщIыгъуэ зыбжанэм нэблагъэ адыгэшыр щыхьэт хуэхъащ езыр зей лъэпкъыр зыпхыкIа гугъуехь псоми, ар зауэ-банэ, мылькуэ щыщIэныгъэ, нэгъэщIэ гукъеуэ ирехьу. Аращ абы и зыужьыныгъэм и гуэгуэм лъагапIэшхуэхэми кумбышхуэхэми ущрихьэлIэу щIыщытыр.

Абы и зы щапхъэщ 1810 гъэм Савельев генералым и унафэщIхэм яхуигъэжьа хъыбарыр: «Къэбэрдейхэм яшхэмрэ я мэлхэмрэ увыIэгъуэ ямыIэу ШэшэныкIуэм яхуурэ пщIэнщэ пэльытэу щащэ. ЗэрыжаIэмкIэ, шыбэ нэхъыбэ дыдэр тумэнкIэ къыпхуэщэхунущ, мэлыр сом нэхърэ нэхъ пудщ. Ар абыхэм щIащIэр я былымыр кьрагъэлын папщIэщ, мы лъэныкъуэм (урысхэм яубыда Iыхьэм) щыIэ хъупIэхэм Iэщ щагъэхъункIэ Iэмал имыIэу зэрыпаубыдрэ». Абы топсэлъыхь тхыдэ щIэнбгъэпI Дзэмыхь Къасболэт.

1816 гъэм щегъэжьауэ 1910 гъэ пщIондэ къэбэрдейхэр уэру Тыркум щиIэпхъуакIэ зэманым унагъуэ 690659-рэ икIащ нэрыбгэ 3102749-рэ хъухэу, я нэхъыбэр къэбэрдейуэ. 1864 гъэм и закъуэ къэбэрдеиш зезыхуэ нэрыбгэ 342748-рэ Iэпхъуакуэ щытащ. А лъахъэмэ унагъуэ кьэс шы зэрахуэрт, абы haIуэ ещI XIX лIэщIыгъуэм и кIэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэмрэ я зэхуакум шы бжыгъэр зэуэ щIыхэщIа щхьэусыгъуэр. Псальэм папщIэ, 1889 гъэм Къэбэрдеим шы бжыгъэу кьинар 48212-рэт. Абы щхьэкIэ щымынэу, къэбэрдейхэм Тыркуми адрей къэрал здэIэпхъуахэми щызэрахуэу щытащ я псэ зыхэлъ шыр. «Адыгэхэм, - етх Хаккер Дж. - шы дахащхэкIэ яIэщ, хэкум щызэрахуэу зэрыщытам ещхьу, псоми ягъэщIагъуэу хамэщIми щамыутIыпшыу».

ХэщIыныгъэшхэу ди шы лъэпкъым къритауэ щытащ 1918-1920 гъэхэм екIуэкIа Граждан зауэми 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэми. 115-нэ шуудзэм и закъуэ къэбэрдеиш 5550-рэ ягъэкIуауэ щытащ. Зауэ Iэнатlэмрэ бийм иубыда щыпIэхэмрэ шы мин 30-м нэс щыхэкIуащ.

А псом кьадэкIуэу, адыгэшыр щефIэкIуа зэманм иIаш. Кьэрал шы заводхэр, шыIуэхэр, абыхэм щелэжь IэхуущIапIэхэр кьызэрызэIуахэр фIыуэ хуэщхьапащ шы гъэхъуным. 1929 гъэм Урысейм щагъэлажьэ шыIуэ 74-м ящыщу лжьыгъэр нэхъ щефIакIуэхэм хабжат Къэбэрдей, Кубань, Тэрч кьэрал шы заводхэр. СССР-м 1936 гъэм къыщыдэIуаха шы лъэпкъыфI зехуапIэхэм ящыщт Къэбэрдей шы заводри. А IэмалкIэ ильэсибгъуэм и кIуэцIкIэ шы щхьэ бжыгъэр тIукIи игъэбгъуэжауэ щытащ: 1945 гъэм мин 17 фIэкIа мыхъуу щытар 1954 гъэм мин 33-м нэсыжат.

Шы зехуэныжкIэ кьагъэлъэгуэ зэфIэкIым папщIэ, игъащIэм кьэмыхъуауэ «Социалист Лжьыгъэм и Лыхъжь» цIэр 1949 гъэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ Бахъсэн районым хиубыдэ «Зеикъуэ» колхозым щыщ лэжьакIуэхэм: щыхъуэ Кьалмыкъ Хьэжмурат, шы фермэм и унафэщI Щоджэн Тlэлашэ, колхозым и тхьэмадэ Бырс Анзор сымэ. Абыхэм колхозым зэриухуэ шы 64-м щыщIэу 64-рэ кьащащIэхъуат зы илъэсым.

1953 гъэм и фокIадэм шы зехуэн кьалэныр кьэралым и пащэ дихьжа нэужь, зэуэ Iэщ бжыгъэм хэщIащ, абы къэбэрдей шы лъэпкъри яхьихьэу. Шыхэр гуартэ псохэуэр лым щелэжь комбинатхэм яшэрт. 1965 гъэм и гъэм шы бжыгъэу кьэнар мини 8-м зымащIкIэ фIэкI къудей. А илъэс дыдэм Мэкъумэш IэхъуэхэмкIэ министерствэм шы зехуэныжкIэ унафэ кьиштэри, шы щхьэ бжыгъэр зэтеувэжащ. Къэбэрдеишхэм я бжыгъэми хэхъуэжауэ щытащ.

Щэн-кьэщхуэныр экономикэм и Iэмал пажэ зэрыхьуар шы гъэхъуным зэран хуэхъащ, къэбэрдей шы лъэпкъри хихубыдэу. Ауэ нужьрей зэманым езы шым цIыхуэр дихьэхьжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым шы щыщэрахуэ Iэхъуцlапlэхэм абыхэм я бжыгъэр мини 8-м щыноблагъэ.

Къэралым и бгырысышхэм я нэхъыфI къэбэрдеишым и Iуэхур дгъэкIэ efIэкIуэн папщIэ, КъБР-м «Къэбэрдеишыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ зэгуэхэныгъэ» кьыщызэрагъэпэщащ. Республикэм Мэкъумэш Iэхъуэхмкlэ и министерствэм и нэIэ щIэту абы зыхуигъэувыжа кьалэнхэр кьызэгъэпэщащIэхэм кьащта хабзэм иратхащ.

Адыгэшым зиужьынымкIэ нэхъ зызытегъэщIапIхъэу къоув Къэбэрдей-Балъкъэр шыгъэжапIэр, Малкъ дэт шы заводыр, къэбэрдеиш щызэрахуэ фермэхэр. А мурадым лъэIэсын папщIэ зэгугъхьныгъэм Мэкъумэш Iэхъуэхмкlэ министерствэм и гъусэу мыпхуэдэ унафэхэр кьиштащ:

- шы кьэс паспорт хуэтхын;
- жьлапхъэу къагъэсэбэп шыхэм я фIагъыр кьэхутэн (бонитировкэ);
- республикэм и район хъэс къэбэрдеиш щызэрахуэ Iэхъуэщlапlэ щызэгъэпэщын;
- шы зехуэным кьэралми республикэми я мылъку хухагъэкIын хуэдэу унафэ пхыгъэкIын;
- шы гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр, шыгъажьэхэр Налшыкрэ республикэм и щIыналъхэмрэ кьыщызэгъэпэщын;

Шыхьуэхэм я мурадщ къэбэрдеишым и бэшэчагъэ кьызэрымыкIуэри, щагъэхъу щIыпIэмрэ мэкъумылэмрэ емылъытауэ, абы и щхьэ ипIэжыфIын хьэлри кьызэтена зэрыхьуным елIэлIэну. Къэбэрдей шы лъэпкъыр щызэрагъэпэщым щыгъуэ, абы уэс пIащIэхьэм удэ кьыщыгъуэтыфу ирагъасэрт, уеблэмэ псалъэжьы щыIэщ: «ЗызымыпIыжыфыр - сишкъым» жиIэу.

1935 гъэм Кавказ бгъыхэм я хъуреягъэр кьызэщIиубыдэу екIуэкIа зекIуэм хэта къэбэрдеишхэм километр 3000 зи кIыхьыагъ гъэзэгъэнэ гугъу зэпачауэ щытащ; 1998 гъэм ахэр хэтащ Налшык - Аман - Налшык зекIуэм. Ди шым къигъэльэгъуащ щIыIэ дыдэри градус 40-м нэс хуабэри зэрыхуэхьыр.

Хэку зауэшхуэм и зэманым къэбэрдеиш куэд Альпхэр кьуршхэм нэсауэ щытащ, бэшэчагъ ин къагъэльагъуэу. Адыгэшым и тэмакъкIыхьагъымрэ и бэшэчагъымрэ я щIыхьэту маршал Будённый Семён езым игъэунэхуа хъыбар си щхьэкIэ кьызжиIэжауэ щытащ. Кьиинэмыщ!Iауэ, маршалым Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыщIэ кьыхуищIырт Къэрэшей-Шэрджэсыр кьыхэзэфIэувэжьын папщIэ 1957 гъэм абы ди республикэм шагъдий мин иритауэ зэрыщытар.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ: 1799 гъэм Италие, Швейцарие зекIуэхэм щыхэтым, урыс генераличсимиуэ Суворов Александрэ абы и кьуэдзэхэмрэ Альпхэр кьуршхэм щызэпрыкIым къэбэрдеишым зэрыстесам. 1812 гъэм Урысейр Наполеон и дзэм щезауэм, дзэзешэ пашэу щыта Кутузов Михаили, абы щапхъэ тезыха генерал-фельдмаршал Барклай-де-Толли Михаилрэ генерал Багратион Пётррэ зытесахэр адыгэшщ.

ДИ ШыМ и хьэл кьызэрымыкIуэр дыдэзырыт зэманми кьихьэсащ. 2004, 2005 гъэхэм адыгэшхэр хэтащ Германием, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэхэм, Дунеим щрагъэкIуэжа, километри 160-рэ зи кIыхьагъэ зекIуэшхуэхэм. Абы кьыщащхьа саугъэт льапIэхэм кьагъэльагъуэ апхуэдэ зэпеуэ лIэужьыгъуэкIэ адыгэшым нэгъуэщI зы шы лъэпкъи ипэ зэрыримыгъэщынур. Ильэс зыбжанэ хуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI гъуэгуанэ кIыхь шыгъажьэхэр. Абы щызэпоуэ Германием, Польшэм, Къэзахъстаным, нэгъуэщI къэралхэм, Урысейм и щIыналъэ куэдым щызэпеуэ щытащ. 2005 гъэм гъуэгуанэ теува шы 45-м ящыщу 37-р адыгэшт е абы кьытехъуэкIат; 32-р шагъдийт. ТекIуэныгъэр кьэзыхьар Махуэ Ахьмэд зытеса Хардщ. Гъуэгуанэм и кIэм нэсыфа шы 13-м ящыщу ещанэ, етхуанэ, еханэ, еянэ,ебгъуанэ увыпIэжар кьэзыхьар адыгэшхэмрэ абыхэм кьатепщIыкIахэмрэщ.

А щапхъэхэм кьагъэльагъуэ республикэм шы спортым зегъэужьынымкIэ Iэхьэлыпхъэ абрагъуэ зэпеуэ КъБР-м и щIыналъэ. Ахэр зэпеуэ Кавказ лъэпкъэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я фестивальм и программэм хьыхь лIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ.

Зэныкъуэкъуныгъэ гуащIэхэм яужькIэ хьэлъэ къэIэтынымкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм кьикIа Аслъэн Ахьмэдрэ Прохладнэ кьалэм щыщ Скибэ Владиславрэ. Шэджэм районым и лIыкIуэ КIэбышэ Рустам абыхэм кьакIэлъэкIуэ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм щыщхэм кьыщыпэлъэщыщ кьыхэкIакъым хьэлъэ гъэIэпхъуэнымрэ троеборьеми. Абыхэм тIуми бжьыпэр щиубыдащ хуабжьу зэрыкъарур кьэзыгъэлъэпхъэ яхуэхъунр папщIэ. Ар а футболист гъуэзэджэм кьызэрехъулIэм шэч хэлъкъым икIи вэсэмахуэрей зэщIущIэм haIуэу дигъэльэгъуащ.

Урысей Федерацэм топджэгуакIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020-2021 гъэхэм щеIуэкIуэ зэхьэзэхуэм иджы хэт «Спартак-Налшыкымрэ» «Анжи»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэм хэгъэрейэм я тепщэныгъэкIэ кьыщIидзащ. И гъащIэм кьрибыдыдэу япэ дыдэу футбол клубым иджыблагъэ зэгурыIуэныгъэ езыщIыпIа гъуащхьэхъумэныкъуэ Бахъсэнокъуэ Алихъан и лъэр нэхъ жаныж абы ищIат. Ильэс пщыкIубгъу фIэкIа ныбжь зимыIэ щIалэщIэр мы зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкым» кIэлъыплъын мурадкIэ хагъэхьат. Ар апхуэдизу фIыуэ гупым хэззгъащIу, топитI я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкIыну хуэзфIэкIащ, дэтхэнэми я щIышыкдэсхэм текIуэныгъэхэр къахуихьауэ. Мы зэIущIэм и епщыкIуэхэр дакьикъэми Алихъан «Анжи»-м и гъуащхьэхъумэхэм я щIэщIэкIащ икIи дахэ дыдэу бжыгъэр кьызэIуихащ. Ущыгугъу хъунут абыи текIуэныгъэ кьыпэкIуэну.

Пасэу япэ ища налшыкдэсхэм я ехъулIэныгъэм зрагъэубгъуну я мурадащ. Мызэ-мытIэу ахэр абы пэгъунэгъуащ. АрщхьэкIэ мыгувэу зы футболисткIэ нэхъ мащIэу кьанэри (джэгум хахуащ гъэхьэмрэ Ольмезов Артур), мащIэу икIуэтыжьын хуей хьуащ. А Iуэхугъуэр хьэщIэхэм кьагъэсэбэпащ икIи абыкIэ сэбэпышхуэ кьахуэхъуащ джэгум и етIуанэ Iыхьэм кьрагъэхьа Асильдаров Щамил. Араш зи фIыгъэр зэIущIэм кьыщIагъуа зэманыр щиух дыдэм хьэщIэ ебгъэрыкIуэхэм къахьихьа гъуащхьэхъумэ Ханмурзаевым бжыгъэр зэхуэдэ зэрищIыжар.

Iуэхур ягъэзэкIуэжьну ди щIалэхэм Iэмал яIэжтэкъым икIи Iэгум илъу кьащIихуэ текIуэныгъэр нэпIэзыпIэм яIэщIэкIащ. Апхуэдэу, дауи, къэхъунутэкъым нэхъапIуэкIэ ирагъэкIуэкIаebгъэрыкIуэныгъэ льэщIым етIуанэуи кьыщыхьажаныкIатэмэ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэуэр льэщу щхьэкIэ зэуэ топым «Анжи»-м и гъуащхьэтым кьригъэгъэзэну зэрыхуэзфIэкIар гурыIуэгъуэкъым.

Очкоитl фIэкIуэдами, «Спартак-Налшыкым» джэгуакIэ хьарзэнэ кьиуэкIа гъэльэгъащ. И кьэлэнхэм хьарзынэу пэльэщащ мы гъэм япэу ди гъуэм дагъэуа Кьардэн Имрани.

Иджы щыгъуаззэ фIыхэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ

Iуэхур и кIэм нэсыпауэ

● Футбол

ятlэ иужьу зэхэта джэгугъуэм кьрикIуа бжыгъэхэм: «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - 1:2, «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) – 3:0, «Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - «Интер» (Черкесск) - 2:0, «Черноморец» (Новороссийск) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - 1:0, «Есэнтlыгу» (Есэнтlыгу) - «Кубань» (Краснодар) - 1:5, СКА (Дон Iус Ростов) – «Форте» (Таганрог) - 2:1. «Краснодар-3» (Краснодар) - «ТIуапсы» (ТIуапсы) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ хьэщIэхэм ящыщ куэдым коронавирус уз зэрыщIагъэльэгъащ. И къаэзреуэлIам кьыхэкIыу.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 11-м къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр зэхэтынущ. «Спартак-Налшыкыр» а махуэм Ставрополь кьалэм щыпIэ «Динамо»-м щыIущIэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020-2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэжьар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	9	7	1	1	19-6	22
2. «Кубань»	9	6	0	3	22-10	18
3. «Легион Динамо»	8	5	3	0	15-3	18
4. «Анжи»	9	4	4	1	16-11	16
5. СКА	9	5	1	3	15-12	16
6. «Мэшыкъуэ-КМВ»	9	5	2	2	15-13	14
7. «Черноморец»	8	4	2	2	7-6	14
8. «Динамо-Ставрополь»	9	4	1	4	12-12	13
9. «Спартак-Налшык»	8	3	2	3	10-9	11
10. «Дружба»	8	3	2	3	10-15	11
11. «Мэхъэчкъалэ»	9	3	2	4	11-15	11
12. «Форте»	8	3	1	4	15-9	10
13. «Краснодар-3»	8	2	2	4	9-13	8
14. «Интер»	8	1	2	5	11-11	5
15. «Биолог-Новокубанск»	8	1	1	6	7-14	4
16. «Есэнтlыгу»	7	1	0	6	6-17	3
17. «ТIуапсы»	6	0	1	5	6-20	0

«Нартым» пашэри хегъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым зэрыщIидзэрэ бжыпэр зыIыгъ Прохладнэ и «Энергетик»-р иужь джэгуГъуищым кьриубыдэу етIуанэу кьыхагъэщIащ. Иджы ар кьыщыхъуар Нарткъалэщ.

Зэхьэзэхуэм и япэ кьэкIуэкIыгъуэм и иужь дыдэ джэгуГъуэм фIэкIа зыми кьыхимыгъэщIэфа Прохладнэ и «Энергетик»-м тхьэмахуэ кIуам аргуэру фIахьащ. Зэпеуэм курыт зэфIэкI щызиIэ «Нарт»-р абы иебгъэрыкIуэныгъэ льэщIэм ныкъуэсаныгъэншэу япэщIэтыфам и закъуэкъым, атIэ очко-ищыр фIэзыгъэкIуэда топ закъуэр жэуапыншэу и гъуэм дигъэкIыфащ.

Пашэр зэрыльэпэрэпар кьиригъэсэбыпынуми хуитащ «Тэрчыр». АрщхьэкIэ Псынэдзэкъуажэм икIа зэхуэм апхуэдэ Iэмал къратакъым, Джылахъстэнеим кIуэуа хэгъэрейэр хагъащIэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Родник»-р иджы етIуанэу бжьыпэр зыIыгъэм зэран яхуоху. Нэхъапэу абы япэ дыдэу «Энергетик»-м очко-итI фIигъэкIыщащ, иджы «Тэрчми» кьыжьэдикIуащ.

Турнир таблицым етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Налшык и «Спартак-Д»-м. Къэрэгъэш икIа «Инал»ыр и гъуэм абы топибгъу дигъэкIащ, жэуапу зы фIэкIа кьримыгъэту.

Нэхъ гущIыхьэжу хагъэщIащ «Урыхур». «Налшыкым» абы и щхьэр кьригъэIэтакъым. Щыхьэт нэсу урикъунщ 10:0-у кьызэрихигъэщIар.

Шэджэм и командитIыр зэрытемыгъэкIуэу зэбгъэдэкIыжащ. Абы и фIыгъэкIэ «Шэрджэсым» зэ пкIэгъуэ кьыхуэнэжауэ аращ, кIэух увыпIэр ибгынэу, «ЛогоВАЗ»-р къызэринэкIыным.

Иужь джэгуГъуэм Нарткъалэ кьыщыхэжаныкIыу Iуэмал имыIами, «Энергетик»-м и гъащIэкъуэ Иуан Азрэт гъащIэкъуэхэм я зэпеуэм зэрыщIапашэщ. Мыгъэрей зэпеуэм ар 19-рэ кьыщыхэжаныкIащ.

Адэкlэ фIыщIдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкIа зи чэзу зэIущIэхэм кьарикIуа бжыгъэхэм: «Налшык» (Налшык) - «Урыху» (Урыху) - 10:0, «Бахъсэн» (Бахъсэн) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - 5:1, «Малка» (Малкэ) - «Исльэмей» (Исльэмей) - 5:2, «ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтIуанэ) - 3:2, «Спартак-Д» (Налшык) - «Инал» (Къэрэгъэш) – 9:1, «Нарт» (Нарткъалэ) - «Энергетик» (Прохладнэ) - 1:0, «Тэрч» (Тэрч) - «Родник» (Псынэдзэ) – 0:2, «Шэрджэс» (Шэджэм) - 1:1. «Къундетей» (Шэджэм) - 1:1.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэжьар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Энергетик»	17	14	1	2	84-22	43
2. «Спартак-Д»	17	11	3	3	67-28	36
3. «Тэрч»	17	11	2	4	37-15	35
4. «Родник»	16	10	4	2	48-23	34
5. «ХьэтIохъущыкъуей»	17	9	5	3	44-37	32
6. «Налшык»	16	9	2	5	42-26	29
7. «Малка»	17	8	4	5	51-43	28
8. «Бахъсэн»	17	8	3	6	42-33	27
9. «Нарт»	17	7	3	7	36-35	24
10. «Инал»	17	4	4	9	39-65	16
11. «Къундетей»	17	4	3	10	25-52	15
12. «Урыху»	17	4	2	11	35-62	14
13. «Шэджэм-2»	17	4	1	12	24-52	13
14. «Исльэмей»	17	3	4	10	26-44	13
15. «ЛогоВАЗ»	17	2	6	9	33-62	12
16. «Шэрджэс»	17	2	3	12	35-69	9

Мыгувэу щыIэну Кавказ лъэпкъхэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я фестивальм ягъэкIуну Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхар «Спартак» республикэ стадионым иджыблагъэ щагъэбелджылащ.

Жэпуэгъуэм и 1-м Налшык кьыщыдзэхуэсат КъБР-м и щIыналъэ псоми я къикIаэр. Ахэр зэпеуэ Кавказ лъэпкъэм щэнхабзэмрэ спортымкIэ я фестивальм и программэм хьыхь лIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ.

Зэныкъуэкъуныгъэ гуащIэхэм яужькIэ хьэлъэ къэIэтынымкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм къикIа Аслъэн Ахьмэдрэ Прохладнэ кьалэм щыщ Скибэ Владиславрэ. Шэджэм районым и лIыкIуэ КIэбышэ Рустам абыхэм кьакIэлъэкIуэ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм щыщхэм кьыщыпэлъэщыщ кьыхэкIакъым хьэлъэ гъэIэпхъуэнымрэ троеборьеми. Абыхэм тIуми бжьыпэр щиубыдащ хуабжьу зэрыкъарур кьэзыгъэлъэпхъэ яхуэхъунр папщIэ. Ар а футболист гъуэзэджэм кьызэрехъулIэм шэч хэлъкъым икIи вэсэмахуэрей зэIущIэм haIуэу дигъэльэгъуащ.

Урысей Федерацэм топджэгуакIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020-2021 гъэхэм щеIуэкIуэ зэхьэзэхуэм иджы хэт «Спартак-Налшыкымрэ» «Анжи»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэм хэгъэрейэм я тепщэныгъэкIэ кьыщIидзащ. И гъащIэм кьрибыдыдэу япэ дыдэу футбол клубым иджыблагъэ зэгурыIуэныгъэ езыщIыпIа гъуащхьэхъумэныкъуэ Бахъсэнокъуэ Алихъан и лъэр нэхъ жаныж абы ищIат. Ильэс пщыкIубгъу фIэкIа ныбжь зимыIэ щIалэщIэр мы зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкым» кIэлъыплъын мурадкIэ хагъэхьат. Ар апхуэдизу фIыуэ гупым хэззгъащIу, топитI я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкIыну хуэзфIэкIащ, дэтхэнэми я щIышыкдэсхэм текIуэныгъэхэр къахуихьауэ. Мы зэIущIэм и епщыкIуэхэр дакьикъэми Алихъан «Анжи»-м и гъуащхьэхъумэхэм я щIэщIэкIащ икIи дахэ дыдэу бжьыпэр кьызэIуихащ. Ущыгугъу хъунут абыи текIуэныгъэ кьыпэкIуэну.

Пасэу япэ ища налшыкдэсхэм я ехъулIэныгъэм зрагъэубгъуну я мурадащ. Мызэ-мытIэу ахэр абы пэгъунэгъуащ. АрщхьэкIэ мыгувэу зы футболисткIэ нэхъ мащIэу кьанэри (джэгум хахуащ гъэхьэмрэ Ольмезов Артур), мащIэу икIуэтыжьын хуей хьуащ. А Iуэхугъуэр хьэщIэхэм кьагъэсэбэпащ икIи абыкIэ сэбэпышхуэ кьахуэхъуащ джэгум и етIуанэ Iыхьэм кьрагъэхьа Асильдаров Щамил. Араш зи фIыгъэр зэIущIэм кьыщIагъуа зэманыр щиух дыдэм хьэщIэ ебгъэрыкIуэхэм къахьихьа гъуащхьэхъумэ Ханмурзаевым бжьыпэр зэхуэдэ зэрищIыжар.

Iуэхур ягъэзэкIуэжьну ди щIалэхэм Iэмал яIэжтэкъым икIи Iэгум илъу кьащIихуэ текIуэныгъэр нэпIэзыпIэм яIэщIэкIащ. Апхуэдэу, дауи, къэхъунутэкъым нэхъапIуэкIэ ирагъэкIуэкIа ебгъэрыкIуэныгъэ льэщIым етIуанэуи кьыщыхьажаныкIатэмэ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэуэр льэщу щхьэкIэ зэуэ топым «Анжи»-м и гъуащхьэтым кьригъэгъэзэну зэрыхуэзфIэкIар гурыIуэгъуэкъым.

Очкоитl фIэкIуэдами, «Спартак-Налшыкым» джэгуакIэ хьарзынэ кьиуэкIа гъэльэгъащ. И кьэлэнхэм хьарзынэу пэльэщащ мы гъэм япэу ди гъуэм дагъэуа Кьардэн Имрани.

Иджы щыгъуаззэ фIыхэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ

● «Кавказ джэгухэр»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп къыхэхар ягъэбелджылы

гъуэ Щоджэн Iэниуар. Джылахъстэней щIалэ Кьаншокъуэ Робертрэ Аруан куейм икIа Кьурашэ Ахьмэдрэ етIуанэщ.

Шабзэ гъэзэныжкIэ Iэзагъ ин кьагъэльэгъуащ налшыкдзэхэу Куйюшинхэ Александрэ Натальерэ. Абыхэм цIыхуэхэрэ цIыхубзхэмрэ я зэпеуэм пашэныгъэр кьыщахьащ.

АрмспортымкIэ нэхъ льэщащ Тэрч кьикIа Iэтэ Аскэр (килограмм 80-м щIигъуэм я деж), Бахъсэн кьалэм щыщ Беслъэней Аслъэн (кг 65-м нэс), Бахъсэн щIыналъэм и лIыкIуэ Шыбзэкъуэ Елдар (кг 80-м нэблагъэ) сымэ.

Я хьэлъагъ елъытауэ бгырыпхкIэ зэбгъэхэм ятекIуащ Лэскэн щIыналъэм икIа Щхьэгъуэш Аслъэнбэч (килограмм 68-м нэблагъэ). Щэрэдж районым икIаэхэу Мысоот Мырзэбэчрэ Мокаев Мусэрэ щынэхъыфIащ килограмм 80-м нэблагъэхэмрэ щIигъуэхэмрэ я зэпеуэм.

КIапсэкIэ зэпекъунымкIэ, минифутболымкIэ, кьызэдзэжнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхар нэхъ иужьыгъуэкIэ ягъэбелджылынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур жэпуэгъуэм и 10-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къашокъуэ Элдэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыдакэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ШIхьэщэмыщI Иэ

Адыгэшым и лъэр еукъуэдий. *Зыщlар* **Лансере Евгенийр.** *1873 гъэ*

АдыгэлIым шыр егъасэ. *Домбеякъым кьыхэзыщIыкIар* **Лансере Евгенийр.** *1873 гъэ*

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэзэн нэсу жэуап яхь. Ав